







































*iki ayat nuntuni marang kito sewaktu-waktu ngelakoni ma'siat tegese pelanggaran terhadap larangane Allah supoyo andepe-ndepe nyuwun pangapuro lan rahmat marang Allah. Lan iki ayat nuduhake yen menungso iku saget slamet saking kapitunan iku gumantung marang pangapurane Allah lan rahmate Allah. Kang aran 'dzulmun' atawa nganiaya awak yaiku mapaake awak ana ing papan panggonan kang ora sak mestine. Yaiku urip ibadah marang Allah lan anut marang utusani Allah kang wus di akuni. Lan diucapake ana ing kalimat syahadat, kerana artine iki kalimat mengkene : Gusti! Kulo ngaturake pernyataan dateng panjenengan bilih buten wonten ingkang kulo sembah lan kulo toati kejawi panjenengan lan kulo ngaturake bilih Muhammad niku utusanipun Allah kang mesthi kedah kulo dereake lan kulo amalake pituduh-pituduhipun. Dadi sopo bahe wongkang ngucap syahdat nuli orang gelem ibadah lan taat marang Allah lan ora anut pituduhe Rasulullah iku arane wongkang nganiaya awake. Wongkang ngene iki bakal kapitunan ing dino burine lan ana ing akhirate.*